

Klase Randevou RHA yo

Responsab dosye w la ap ede w planifye premye randevou w la.

Randevou w la ap fèt nan youn nan Sant Sante ki Kalifye Federalman (FQHC) patnè nou yo:

- ❖ Sistèm Medikal Baltimore (BMS); oswa
- ❖ CCI Byennèt ak Sante

Asire w ou:

- ❖ Rive nan Randevou w la 15 minit davans
- ❖ Timoun ki gen mwens pase 18 an ap mache ak yon paran li
- ❖ Mande yon entèprèt nan lang ou pale a
- ❖ Bwè dlo anvan randevou w la

Lis Verifikasyon Dokiman RHA yo

Sonje pou'w mache ak:

- Kat oswa foto Identifikasyon
- fòm I-94
- Òganizasyon Entènasyonal pou Migrasyon (IOM) enfòmasyon medikal ak radyografi lestomak
- Enfòmasyon sou Vaksen
- Tout lòt dosye medikal
- Kat asirans sante(yo) (ak Asistans Medikal, si li disponib)
- Tout medikaman, tonik, oswa remèd fèy ou ka ap itilize

Yo ap ba ou RHA san okenn frè.

- ❖ Aplike pou Asistans Medikal ak Responsab Dosye ou a
- ❖ Chwazi yon plan asirans sante ak Founisè Swen Sante w (doktè)
- ❖ Mache ak kat asirans ou nan chak randevou sante

Enfòmasyon pou Kontak

Sant pou Migrasyon Global ak Sante Imigran

Administre pwogram sante refijye ki finance federalman nan Maryland.

Imel mdh.immigranthealth@maryland.gov oswa rele 410-767-6698

Sistèm Medikal Baltimore:

Sèvi kliyan k ap viv nan Baltimore City; Anne Arundel, Baltimore, Frederick, Harford, ak Konte Howard yo.

Voye imel bay Pwogram Sante Refijye yo a nan RefugeeHealth@bmsi.org oswa rele 443-703-3404

CCI Byennèt ak Sante:

Sèvi kliyan k ap viv nan Konte Prince George ak Montgomery yo.

Voye imel bay Pwogram Sante Refijye yo a nan Lesvia.Velasquez@cciweb.org oswa rele 667-770-6760



MARYLAND

Evalyasyon Sante Refijye

Yon Oryantasyon pou Imigran Imanitè k ap Viv nan Maryland



Sant pou Migrasyon Global ak Sante Imigran

Byenvini nan Maryland.

Evalyasyon Sante Refijye a (RHA) se yon pati enpòtan nan reyentegrasyon epi premye pa ou pou swen sante nan Etazini. Nou ankouraje tout imigran imanité, tankou refijye yo, azilye yo, libète imanité yo, ak viktim trafik ki rive nan Maryland, pou yo pran yon randevou RHA.

RHA a...



Esansyèl pou idantifye pwoblèm sante posib ki ka afekte **ale lekòl oswa jwenn yon travay.**



Ankouraje pou **TOUT** imigran imanité ki vin nan Maryland.



Komplete nan lespas **90 jou** apre dat arive, antre nan kominote a, oswa yo akòde azil.



Omwen **de vizit**nan yon founisè swen sante epi chak vizit ta ka 1-3 èdtan.

RHA a diferan de Egzamen Medikal Lòtbo dlo.

Egzamen Medikal Aletranje a (OME) ap chèche idantifye sèlman kondisyon ki anpeche antre nan Etazini jan règleman sante piblik yo defini an epi ki lwen de byennèt nòmal.

RHA se yon egzamen sante ki pi apwofondi ki gen pou objektif:

- ❖ Idantifye nouvo pwoblèm sante ki ka anpeche siksè reyentegrasyon ak oto-sifizans
- ❖ Ankouraje byennèt
- ❖ Fè swivi sou tout kondisyon sante aktyèl
- ❖ Bay yon entwodiksyon sou sistèm swen sante ameriken an
- ❖ Ede Pwochen Founisè Swen Prensipal ou a (PCP oswa doktè) konprann pi byen bezwen sante w yo



Vizit Klinik RHA yo

Premye vizit RHA gen ladan l:

- ❖ Yon revizyon sou byennèt fizik pase ak aktyèl ou nan kò ak lespri w
- ❖ Tès Medikal ki sèvi ak san ak pipi pou tcheke fonksyonman ògàn ou yo, san, kolestewòl ak iminite w
- ❖ Depistaj pou byennèt emosyonèl
- ❖ Depistaj pou maladi enfektye, tankou epatit B, tibèkiloz (TB), ak VIH/SIDA
- ❖ Yon twous pou pou pou pou tcheke pou enfeksyon parazit ki dwe remèt anvan dezyèm vizit RHA ou a

Dezyèm vizit RHA gen ladan l:

- ❖ Yon egzamen fizik tou kout
- ❖ Yon diskisyon sou rezilta tès medikal ou te pran pandan premye vizit RHA ou
- ❖ Yon revizyon nan istwa vaksinasyon ou
- ❖ Si ou gen timoun, yon revizyon sou vaksen yo
- ❖ Pwogramasyon tout swivi evalyasyon ki enpòtan yo
- ❖ Preskripsyon pou medikaman, si sa nesesè
- ❖ Referans bay espesyalis, si sa nesesè

Ou ka gen plis randevou pou:

- ❖ Swivi sou tout swen ak tretman TB
- ❖ Bezwen byennèt emosyonèl
- ❖ Etabli swen nan klinik la

Pran yon randevou ak PCP ou apre RHA ou a.